

ASISTANS GAZ ABCD

Nou kapab ede ou menm ak fanmi ou *rete cho!* Chèche èd sou tout bezwen chofaj ou tankou petwòl, gaz, kouran elektrik ak lòt.



- Si ou kalifye, nou ka peye jiska \$1,400 nan bòdwo gaz ou. Pwogram nan kòmanse 1ye novamnm 2018 epi l ap fini 30 avril 2019.
- Ou ka kalifye pou sezon livè sa a pou resevwa asistans pou peye bòdwo chofaj ou, epi nan kèk ka, lwaye, si ou rete nan Boston, Brookline oswa Newton.
- Gade tablo ki adwat la pou konnen si revni anyèl ou tonbe nan oswa anba nivo ki endike a. Si se sa, ou ka kalifye pou asistans.

PA BLIYE APLIKE BONÈ!!

ENPÒTAN! Moun ki te aplike pou Asistans Gaz nan dènye sezon livè dwe voye aplikasyon yo tounen pa lapòs pou yo resevwa asistans gaz. **TOUT LÒT MOUN KI APLIKE POU ASISTANS** ka aplike kounye a nan biwo k ap aksepte aplikasyon pi pre yo ki nan lis ki sou do feyè sa a.

KI FINANSE AVÈK LAJAN GOUVÈNMAN FEDERAL

Pwogram sa a sèvi sitwayen ki pa touche ase lajan, granmoun aje ak sitwayen ki andikape nan plizyè milye kay chak ane.

Gid 2018-2019 pou Kalifye Pou Pwogram Gaz la	
Kantite Moun ki nan Kay la	Revni Total chak Ane anvan Dediksyon
1	\$35,510
2	\$46,437
3	\$57,363
4	\$68,289
5	\$79,215
6	\$90,141
7	\$92,190
8	\$94,239
Plis pase 8	Kontakte Anplwayte Pwogram Gaz ABCD

Action for Boston
Community Development, Inc.

178 Tremont Street, Boston MA 02111 • (617)357-6012
TTY: (617)423-9215 • www.bostonabcd.org